

### 1. Ki kote mwen ka bay kupon mwen yo?

Ou ka bay kupon ou yo nan men nenpòt machann sa yo:

- Blue Mountain Water (Pou kolekte oswa ranpli)
- Plaza Extra lès
- Pueblo (tou de kote )
- The Market

Depatman Pwopriyete ak Acha (The Department of Property & Procurement) (DPP) ak Depatman Lisans ak Afè Konsomatè (Department of Licensing and Consumer Affairs) (DLCA) ap travay aktivman pou ajoute plis machann nan pwogram nan.

### 2. Ki kantite dlo mwen ka achte ak chak kupon?

ou ka itilize chak kupon ou pou ou achte dlo nan men nenpòt machann k ap patisipe jiska yon valè \$10.

### 3. Èske mwen ka itilize kupon yo ansanm ak lòt òf oswa rabè?

Konbinezon rabè oswa òf se nan diskresyon chak machann k ap patisipe yo.

### 4. Èske kupon yo ekspire?

Wi, kupon yo distribye ant 18 ak 20 novanm 2023, yap ekspire 19 fevriye 2024.

### 5. Èske mwen ka resevwa plis kupon si mwen fini?

Sa a se yon distribisyon inik. WAPA ap travay ak ajans lokal ak federal yo pou jwenn plis finansman pou bay filtè tiyo ak krich nan kay ki afekte yo.

### 6. Kisa mwen ta dwe fè si yo pèdi oswa yo vòlè kupon mwen yo?

Malerezman, nan moman sa a, si yo pèdi oswa yo vòlè yon kupon, nou p ap kapab ranplase li.

### 7. Ki moun mwen ka kontakte pou plis enfòmasyon oswa si mwen gen plis kesyon?

Pou plis enfòmasyon, ou kapab:

Vizitesit entènèt nou an, [www.cleanwaterusvi.com](http://www.cleanwaterusvi.com) oswa imèl nou nan [customer.service@viwapa.vi](mailto:customer.service@viwapa.vi)

Pou kesyon ki gen rapò ak sante ki gen rapò ak plon nan dlo, ou ka kontakte Depatman Lasante (Department of health) nan: **(340) 712-6299** oswa **(340) 776-1519**.

]

### 8. Kisa k ap pase si'm achte dlo mwen an mwens pase \$10?

Pa gen okenn ranbouseman lajan kach oswa balans pou yon sèl itilizasyon sa yo. Nou ankouraje moun k ap resevwa kupon yo achte dlo, paske yo itilize kupon an pou konpanse acha dlo. Lòt atik yo ka achte, si sa nesèsè, pou rive nan valè \$10.

### 9. Kisa mwen ta dwe fè si yon machann apwouve refize aksepte kupon mwen an?

Si yon machann apwouve refize aksepte kupon ou, tanpri kontakte Depatman Pwopriyete ak Acha (Department of Property & Procurement) (DPP) nan **(340) 773-1561** oswa [paymentcertification@vi.gov](mailto:paymentcertification@vi.gov).